

BAB III


PADIKA PANALUNGTIKAN

Dina Bab III dipedar ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung métodeu panalungtikan, saperti (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data panalungtikan, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén panalungtikan jeung (5) téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan diperlukeun sangkan ieu léngkah-léngkah panalungtikan ngaruntuy sacara sistematis tur prosésna jadi leuwih gampang. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métodeu deskriptif ku sabab data anu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa data nyata anu aya di lapangan bari teu merhatikeun itungan. Pamarekan kualitatif téh nyaeta panalungtikan anu nyoko kana falsafah *postpositivisme*, digunakeun pikeun nganalisis kana kaayaan objék nu alamiah, yén panalungtik salaku instrumén konci, téhnik dina ngumpulkeun data nyaéta dilakukeun sacara tringualasi (gabungan), analisis data anu sipatna induktif, jeung hasil panalungtikan leuwih nyosok jero kana ma'na tibatan generalisasi (Sugiyono, 2016). Ari métodeu deskriptif nyaéta panalungtikan anu digunakeun pikeun ngajelaskeun atawa ngadéskripsikeun kajadian nu aya dina jaman kiwari (Sudjana, 2009). Métodeu dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif, ieu métodeu panalungtikan dipaké pikeun ngadéskripsikeun abréviasi, wangun abréviasi, pola abréviasi, prosés abréviasi, sarta ma'na abréviasi anu aya dina ngaran kadaharan has Sunda di Bandung Raya.

Dumasar kana métodeu panalungtikan jeung pamarekan nu digunakeun, perlu disusun desain panalungtikan. Ari desain panalungtikan téh mangrupa bagan anu eusina léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka kacindekan atawa laporan ahir. Desain anu digunakeun pikeun ieu panalungtikan ébréh dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data Panalungtikan

Data panalungtikan bisa dina wangun lisan jeung tulisan. Data dina ieu panalungtikan mangrupa ngaran-ngaran kadaharan nu wangunna abreviasi (singgetan). Data disawang tina jihat wangun, pola, proses, jeung ma'nana. Conto data panalungtikan kadaharan:


(23) cilok

(41) colénak

Data kadaharan di luhur mangrupa kuliner Sunda dina wangun abreviasi. Kadaharan *cilok* mangrupa singgetan tina 'aci dicolok'. Ari kadaharan *colenak* mangrupa singgetan tina 'dicocol enak'.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data bisa mangrupa jalma atawa dokumén. Sumber data jalma disebutna informan (pupuan). Sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa informan jeung média sosial. Ari sababna, sumber datana nyaeta para padagang (batagor, bubur, cigor jeung jasuké) jeung nu nyieun kadaharan (dolhé) di wilayah Bandung Raya (Kabupatén Bandung, Kabupatén Bandung Barat, Kota Bandung, Kota Cimahi, jeung sabagian Kabupatén Sumedang). Ieu di handap peta wilayah Bandung Raya.



3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik observasi jeung téhnik wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Observasi mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu ngalibetkeun niténan langsung kana partisipan jeung kontéks nu aya patalina dina éta panalungtikan (Ardiansyah spk., 2023). Téhnik observasi dilakukeun ku cara langsung ka lapangan pikeun meunangkeun, ngumpulkeun, jeung néangan data dina wangun tulisan nu mangrupa data abrési dina ngaran kadaharan has Sunda. Téhnik observasi ngagunakeun instrumén panalungtikan mangrupa padoman observasi. Lian ti observasi, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik wawancara. Wawancara nyaéta prosés komunikasi atawa interaksi pikeun ngumpulkeun informasi ku cara tanya jawab antar panalungtik jeung informan atawa subjék panalungtikan (Ischak spk., 2019). Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngajaring data ngaran kadaharan ti para padagang jeung nu nyieun kadaharan di wilayah Bandung Raya. Téhnik wawancara ngagunakeun instrumén panalungtikan nu mangrupa alat rékam (hapé) jeung padoman wawancara.

Dumasar kana téhnik di luhur tahapan ngumpulkeun data dilaksanakeun saperti ébréh di handap.

- 1) Datang ka lokasi anu daragang.
- 2) Niténan kadaharan nu aya unsur abrési.
- 3) Nyatet ngaran kadaharan nu aya unsur abrési.
- 4) Ngawawancara ka sababaraha padagang nu ngaran kadaharan abrésiasina kasebut ahéng.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun padoman observasi, alat rékam, jeung padoman wawancara.

3.4.1 Alat Rékam

Alat rékam digunakeun pikeun ngarékam wawancara tur ngadokuméntasi data nu mangrupa kadaharan nu aya di wilayah Bandung Raya. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun hapé Redmi Note 7.

3.4.2 Padoman Observasi

Nalika ngalaksanakeun ieu panalungtikan, panalungtik nyiapkeun padoman observasi. Fungsi padoman observasi pikeun panalungtikan ngaruntut jeung luyu kana udaganna meunangkeun data abrégiasi dina ngaran kadaharan has Sunda.

- a. Datang ka tempat wilayah Bandung Raya nu loba padagang kadaharan.
- b. Nilik jeung niténan kadaharan nu didagangkeun.
- c. Nyatet kadaharan nu aya unsur abrégiasi.
- d. Ngadokuméntasi kadaharan.

Tabél 3.1 Padoman Observasi

No.	Ngaran Kadaharan	Abrégiasi	Bahan	Poto

3.4.3 Padoman Wawancara

Nalika ngalaksanakeun wawancara, panalungtik nyiapkeun padoman wawancara. Fungsi padoman wawancara pikeun mantuan panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber. Dina padoman wawancara aya daptar nu geus saluyu jeung kabutuhan panalungtikan. Ieu hal téh sangkan obrolan museur kana tujuan nu rék dihontal.

Tabél 3.2 Biodata Informan jeung Daptar Pananya

A. Biodata Informan	
a. Wasta	:
b. Wandabaga	:
c. Padumukan	:
B. Daptar Pananya	
a. Naon ngaran ieu kadaharan?	
b. Tina asal kecap naon ieu kadaharan?	
c. Naon waé bahan pikeun nyieun ieu kadaharan?	
d. Kumaha cara nyieun ieu kadaharan?	

3.5 Téhnik Ngolah Data

Panalungtikan nu mangrupa abrèviasasi ngaran kadaharan has Sunda di wilayah Bandung Raya dianalisis ngagunakeun téhnik Analisis Unsur Langsung. Ari tahapanana saperti ébréh di handap.

- 1) Nitenan deui data ngaran kadaharan nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyusun ngaran kadaharan sacara alfabetis tuluy dibéré kode data.

Anapon conto kode datana nyaéta ébréh saperti di handap.

(01) bacang (BR/KB/1)

Keterangan:

(01) : nomer data
 BR : Bandung Raya
 KB : Kabupatén Bandung
 1 : jumlah kabupatén atau kota

- 3) Nyieun papasingan ngaran kadaharan dumasar kana wangun, pola, proses, jeung ma'na.
- 4) Nganalisis ngaran kadaharan dumasar kana wangun, pola, proses, jeung ma'na.
- 5) Ngadéskripsikeun ngaran kadaharan dumasar kana wangun, pola, proses, jeung ma'na.